

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Métode nyaéta cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, sipat masalah anu digarap, sarta alternatif-alternatif séjénna. Métode panalungtikan ngagambarkeun rarancang panalungtikan anu mangrupa prosedur atawa léngkah-léngkah nu kudu dilakukeun, waktu panalungtikan, sumber data panalungtikan, sarta cara naon anu dibeunangkeun jeung dianalisis pikeun meunangkeun éta data (Haidir & Salim, 2019, kc.45).

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Nazir (1988, kc.63) métode déskriptif mangrupa hiji métode dina nalungtik status kelompok manusa, objék, kondisi jeung sistem pamikiran atawa kajadian danget ayeuna, ku cara ngadéskripsikeun data fakta nu satuluyna dianalisis ngeunaan sikep basa Sunda anggota paguyuban aliansi kulawarga Sunda nusantara positif atawa négatif. Pamarekan kualitatif digunakeun dina nganalisis data nu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Data nu geus kakumpul dipasing-pasing dumasar kana jenis, sipat jeung kondisina. Sanggeus lengkep léngkah pamungkas nyaéta nyieun kacindekan. Ieu pamarekan digunakeun lantaran miboga sipat leuwih subjéktif.

Pamarekan kualitatif anu ngagunakeun métode déskriptif téh kabagi kana opat léngkah nyaéta 1) ngumpulkeun data; 2) nganalisis data; 3) napsirkeun data; jeung 4) nyieun kacindekan (Suyanto & Sutinah, 2006, kc.80).

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan hartina rarancang bagan nu ngadéskripsikeun léngkah-léngkah panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan ngawengku nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, nangtukeun jeung nyieun instrument panalungtikan, ngumpulkeun data, ngadéskripsikeun data jeung nyieun kacindekan. Desain dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1

## Desain Panalungtikan

**3.2 Sumber Data Panalungtikan**

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta anggota Paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara. Data nu dibeunangkeun dina ieu panalungtikan ngaliwatan hasil angkét ka anggota paguyuban AKSAN. Sumber datana disebut réspodén nyaéta jalma nu ngajawab patalékan ti panalungtik boh dina wangun lisan atawa tulisan (Arikunto, 2013, kc.172). Jumlah réspodén tina kurang

leuwih 3 kagiatan kasundaan anu aya di paguyuban AKSAN nyaéta 30 urang, 10 lalaki dina unggal kagiatan nyaéta penca silat, calung jeung sawala lantaran di ieu paguyuban lolobana lalaki nu ilubiung dina éta kagiatan. Lamun dipaluruh sacara leuwih teleb jumlah anggota paguyuban AKSAN kaitung loba pisan, ngan ku sabab aya kagiatan anu teu dilaksanakeun unggal poé jeung kagiatan anu geus jarang dilaksanakeun ku sabab hal-hal nu séjén sarta anggota anu teu aktif atawa sibuk ku pagawéanna séwang-séwangan ngabalukarkeun anggota anu teu tangtu. Tempat nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta pernahna di Jalan Pagarsih No.322/1, Sukahaji Kec. Babakan Ciparay, Kota Bandung, Jawa Barat, 40221.

### **3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta téhnik atawa cara anu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Dina panalungtikan, téhnik nu dianggap luyu pikeun ngumpulkeun data ngawengku téhnik angkét jeung observasi.

#### **3.3.1 Téhnik Obsérvasi**

Obsérvasi nyaéta niténan kagiatan anu dilakukeun sacara langsung ka objék panalungtikan sacara leuwih deukeut (Riduwan, 2011, kc.30). Téhnik obsérvasi nu dilakukeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta niténan sacara langsung prosés kagiatan kasundaan di paguyuban AKSAN nu antukna bisa apal kana kaayaan pamakéan basa Sunda.

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, pikeun meunangkeun data ku cara téhnik obsérvasi aya sababaraha hal anu kudu ditataharkeun saméméhna. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a) Ngalakukeun survéy ka paguyuban AKSAN salaku tempat objék panalungtikan.
- b) Ngajéntrékeun maksud jeung tujuan panalungtikan ka pihak nu kalibet dina ieu panalungtikan.
- c) Ngadokuméntasikeun
- d) Nyadiakeun instrumen kaasup padoman wawancara pikeun meunangkeun data anu dimaksud.

### 3.3.2 Téhnik Angkét

Angkét nyaéta daptar patalékan nu dibérékeun ka objék panalungtikan pikeun méré réspon luyu jeung data nu dimaksud (Riduwan, 2011, kc.25).

Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Ngajéntrékeun maksud jeung tujuan ka réspondén.
- b. Méré jeung ngeusiaan angkét sacara langsung ka réspondén pikeun meunangkeun data nu dipikahayang, luyu jeung pedoman angkét nu geus disiapkeun.
- c. Méré aprésiasi jeung tawis nuhun ka réspondén.
- d. Nyusun data hasil angkét sarta idéntitas ti unggal réspondén.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.203) instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan éta panalungtikan leuwih éféktif jeung sistematis.

Alat nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta.

#### a) Alat Rékam

Alat rékam nu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa *handphone* tipe *Samsung J4 Plus* nu miboga pungsi pikeun ngarékam jawaban-jawaban ti réspondén nu diajukeun.

#### b) Kaméra

Kaméra nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kaméra nu aya dina *handphone Samsung J4 Plus* kalayan *spesifikasi* kaméra hareup 4:3 (5,0 MP) jeung kaméra tukang 4:3 (13 MP). Ieu kaméra pungsina pikeun ngadokumentasikeun sagala kagiatan dina wangun foto jeung video.

#### c) Padoman Angkét

Pedoman angkét eusina ngeunaan pertélaan nu ditanyakeun ka réspondén dina wangun pertélaan. Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta angkét tertutup.

Di handap mangrupa kisi-kisi padoman angkét

Tabél 3. 1  
Kisi-kisi Padoman Angkét

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal
1.	Kasatiaan Basa ( <i>language loyalty</i> )	Tarékah ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé	No. 4A (1-10)
2.	Kareueus Basa ( <i>language pride</i> )	Salaku lambang idéntitas hiji kelompok masarakat	No. 4B (1-10)
3.	Kasadaran ayana norma basa ( <i>awareness of the norm</i> )	Pentingna tetekon basa dina komunikasi sapopoé	No. 4C (1-10)
4.	Kognitif	Kapercayaan atawa kayakinan dina ngagunakeun basa	No. 2,3 jeung 4
5.	Aféktif	sikep dina ngagunakeun basa	No. 2,3 jeung 4
6.	Konatif	kaayaan atawa kagiatan anu disanghareupeunana	No. 2,3 jeung 4
7.	Faktor-faktor anu mangaruhan kana sikep basa	Dipaluruh sacara babarengan tina kasatiaan basa, kareueus basa, jeung kasadaran ayana norma basa	No. 2,3 jeung 4

### 3.5 Analisis Data

Data anu geus kakumpul tina hasil panalungtikan tuluy dianalisis ngaliwatan téhnik analisis unsur langsung kalawan diukur ngagunakeun skala likert nu satuluyna didéskripsikeun. Anu didéskripsikeun nyaéta sikep basa Sunda anggota paguyuban aliansi kulawarga Sunda nusantara dina kagiatan kasundaan. Skala likert mangrupa téhnik pikeun ngukur sikep, sawangan, jeung *persepsi* hiji jalma atawa kelompok ngeunaan fénoména sosial (Sugiyono, 2009, kc.134). Ieu skala dibagi jadi lima katégori nyaéta, SP (Satuju Pisan), S (Satuju), B (Biasa-Biasa), TS (Teu Satuju), jeung TSP (Teu Satuju Pisan). Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ngolah data panalungtikan saperti ieu di handap.

a) Niténan deui data nu geus kakumpulkeun.

- b) Nyatet sakabéh data tina hasil angkét jeung hasil obsérvasi.
- c) Nyieun papasingan data dumasar kana bagian per bagian tina pedoman angkét ngeunaan sikep basa anggota paguyuban AKSAN dina kagiatan kasundaan.
- d) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data dumasar kana rumusan masalah.
- e) Nyieun kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun.